

Nenpòt moun ki gen yon pè pwofon e ki pèsèkrite nan peyi li pou rezon ras, relijyon, nasyonalite, epi kifè pati yon gwoup sosyal patikilye, oswa a koz opinyon politik li, moun sa a gen dwa mande azil nan Repiblik Dominikèn.

Pou plis enfòmasyon, kontakte:

Biwo Nasyonal pou Refijye yo (ONR) ak Komisyon Nasyonal pou Refijye yo (CONARE)

Biwo Nasyonal pou Refijye yo (ONR) an responsab pou resevwa demand pou rekonesans kondisyon refijye.

Komisyon Nasyonal pou Refijye yo (CONARE) se komisyon ki la pou kalifye, lè yo fin revize epi pran desizyon sou demand rekonesans kondisyon refijye.



Av. George Washington, Plaza Malecón Center, 1ye etaj, Lokal 1A, Santo Domingo, D.N.
Telefòn: 809-508-2555, Ekstansyon: 2055
Lendi-Vandredi: 8:30 a.m. – 4:00 p.m.

ACNUR Repiblik Dominikèn

ACNUR, Ajans Nasyonzini pou Refijye yo, travay ak CONARE epi ak lòt ajans gouvènman an, ONG ak sosyete sivil la, nan pwomosyon ak pwoteksyon dwa moun ki refijye yo, espesyalman sila yo ki gen nesosite espesifik yo.



Calle Cesar Nicolas Penson # 115, Gazcue, Santo Domingo, Distrito Nacional
Telefòn: 809-274-7111
Pou w pran yon randevou: 809-480-7947
Lendi-Vandredi: 8:30 a.m. – 5:00 p.m.
Vandredi: 8:30 a.m. – 2:00 p.m.

Enstiti Dominiken pou Devlopman Entegral (IDDI)

IDDI se patnè ki travay ak ACNUR nan zafè asistans imanitè. Li bay asistans pou ijans ak moun k ap mande rekonesans kondisyon refijye yo epi moun ki refijye yo, tankou asistans materyèl, espesyalman kay, manje ak sante epi asistans sikolojik ak legal.



Calle H # 17, Zona Industrial de Herrera, Santo Domingo, Distrito Nacional
Telefòn: 809-534-1077
Ekstansyon: 231/235
Whatsapp: 829-571-9811
Lendi-Vandredi: 8:30 a.m. – 5:00 p.m.

Kòman ou ka mande azil nan Repiblik Dominikèn



UNHCR ACNUR

Ajans Nasyonzini
pou Refijye yo

ayuda.acnur.org/RepublicaDominicana

Moun ki refijye

Se moun CONARE rekonèt demand refijye yo.

¿Ki dwa moun ki refijye yo genyen?*

- Moun sa ap jwenn pwoteksyon pou yo pa fòse'l tounen nan peyi l;
- Dokiman, an patikilye pèmi migratwa;
- Reyinifikasyon fanmi'l;
- Aksè pou travay;
- Sekirite sosyal;
- Moun nan ap gen libète pou sikile nan peyi a;
- Yon entèprèt nan lang moun nan pale a;
- Moun nan ap gen menm dwa lòt etranje yo jwi nan peyi a.

¿Ki obligasyon moun ki refijye yo genyen?*

- Pa fè aktivite ki entèdi pou etranje;
- Di laverite epi pa kache enfòmasyon ki empòtan;
- Enfòm otorite yo sou nenpòt chanjman nan fanmi yo (tankou nesans, maryaj, divòs, elatriye.);
- Enfòm otorite yo sou chanjman adrès kote yo rete nan yon dèlè ki pa pase 2 jou chak fwa yo chanje adrès ;
- Enfòm otorite yo sou entansyon yo si y'ap vwayaje sòti kite Repiblik Dominikèn, epi rete tann otorizasyon an epi enfòm lè y'ap retounen;
- Renouvle dokiman migratwa yo chak ane epi fè tout sa konstitisyon ak lwa Repiblik Dominikèn yo mande.

*Resolisyon CONARE (Res. 04/14 de 2014)

Pou plis enfòmasyon sou pwosesis demand pou rekonesans kondisyon refijye nan Repiblik Dominikèn, vizite:

ayuda.acnur.org/RepublicaDominicana

Moun ki se demandè rekonesans kondisyon Refijye

Se moun ki eksprime otorite pè li genyen pou li tounen nan peyi orijin li, CONARE pòka bay desizyon sou demand sa a.

Ki dwa moun k ap mande rekonesans kondisyon Refijye yo genyen?*

- Pwoteksyon kont retou fòse nan peyi orijin yo jiskaske yo gen yon desizyon final;
- Resevwa bon jan enfòmasyon, ki disponib pou yo gratis sou pwosesis demand rekonesans kondisyon Refijye;
- Libète pou sikile san yo pa arete yo**;
- Prezant devan CONARE tout prèv pètinan pou soutni demand la;
- Rekouri desizyon CONARE a si li ta refize demand la;
- Dwa ak yon entèprèt nan lang li oswa yon moun ki ka konprann li.

Ki obligasyon moun k ap mande rekonesans kondisyon refijye yo genyen?*

- Bay tout enfòmasyon sou idantite w, di laverite epi pa kache okenn enfòmasyon enpòtan;
- Bay epi ede konprann fè yo ak motif pèsonèl aplikasyon w la;
- Reponn ak tout kesyon yo poze w epi bay evidans dokiman pou soutni deklarasyon w yo;
- Jistifye byen motif antre ilegal yo, si yo mande w enfòm nanpòt chanjman nan fanmi ou (nesans, maryaj, divòs, elatriye.);
- Pa fè aktivite ki entèdi pou etranje epi pa vwayaje sòti nan Repiblik Dominikèn
- Enfòm otorite yo ak ONR sou chanjman adrès kote yo rete nan yon dèlè ki pa pase de 2 jou.


*Règleman CONARE (Rezolisyon 04/14 ane 2014)
 **Atik 134 Lwa Imigrasyon, yo pa kapab arete moun ki mande azil yo.

 **Tout sèvis ONR, CONARE, ACNUR ak patnè li yo gratis.**

Kijan pou mande Kondisyon Refijye a nan Repiblik Dominikèn








1. Fòk ou prezan an Repiblik Dominikèn: Ou kapab enfòm w depi nan èpòt, pò ak fwontyè devan otorite yo ke ou gen volonte pou mande kondisyon refijye.

 Ou dwe mande kondisyon refijye an nan yon dèlè ki pa pase 15 jou aprè ou fin antre nan peyi a.



2. Rasanble tout dokiman ke ou kapab:

 <p>Paspò oswa dokiman Idantite nasyonal* <small>*Si ou pa gen dokiman ou ka fè yon deklarasyon notè devan ONR</small></p>	 <p>Nenpòt dokiman ki ka soutni aplikasyon w la (foto, sètifika, videyo, rapò, elatriye.)</p>	 <p>Temwayaj ekri kote ou esplike pouki ou pa ka tounen nan peyi w</p>
 <p>Sètifika medikal Ki montre si ou gen maladi enfektokontajyez</p>	 <p>Kat (4) foto paspò fas ak de (2) foto pwofil</p>	



3. Prezante nan ONR la: Pote tout dokiman yo nan biwo Santo Domingo a.



4. Ranpli yon fòm nan ONR la: Lè ou remèt fòmilè sa ak tout dokiman yo mande yo, ou reyalize demand kondisyon refijye a.



5. Sètifika demand kondisyon refijye: Y'ap ba w yon sètifika ki pèmèt ou rete nan teritwa dominiken an jiskaske yo pran yon desizyon final sou demand la.



6. Entèvyou ak ONR: Moun k'ap mande kondisyon refijye asiste yon entèvyou kote yo poze yo kesyon sou fè kilakoz yo kite peyi yo.



7. Desizyon: Komisyon Nasyonal pou Refijye yo (CONARE) pral evalye demand la epi pran yon desizyon ki kapab pozitif oswa negatif.

APWOUVE



Apwouve: Si desizyon an pozitif, y'ap rekonèt moun sa yo kòm Refijye epi y'ap ba li yon pèmi rezidans pou yon (1) lane, ki kapab renouvle. Madanm li ak tout pitit li ap resevwa yon pèmi rezidans tou.

KONDISYON REFIJYE



REFI

Refi: Si desizyon an negatif, demandè an ka prezante yon rekou devan tribunal nan yon dèlè pipiti pase 7 jou.



REKOU